

# MIZAJOU PWOGRAM ÈD AK LWAYE

Biwo Pwokirè Jeneral la bay enfòmasyon pou ede lokatè ak pwopriyetè yo ak pwoblèm lojman.  
**Asistans sa a disponib pou tout moun.**

## Asistans Akomodasyon Pou Fanmi An Tranzisyon (RAFT ann Anglè)

Lokatè yo ka resevwa jiska \$10,000 (Jiska 30 jen 2023) pou chak kay pou ede avèk lwaye, sevis publik, demenajman oubyen ou lwaye yon lòt kote, avèk mèb (jiska \$1,000).

Pwogram RAFT la ede kenbe fanmi yo nan yon sitiyaasyon lojman ki estab lè yo fè fas ak degèpisman, anilasyon sèvis piblik, ak lòt ijans lojman ki se konsekans yon pèt revni, oswa yon ogmantasyon depans, oswa tou de.

Lajan RAFT yo ka disponib pou fanmi ki gen revni ki rive jiska 50% oswa 60% Revni Mwayen Rejyonal (AMI).  
Aplike sou entènèt nan: **[ApplyHousingHelp.Mass.Gov](https://www.applyhousinghelp.mass.gov)**

RAFT disponib pou TOUT rezidan Massachusetts yo, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon yo!

## Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay yo (HAF ann Anglè)

HAF ap bay asistans finansye pou ede pwopriyetè kay ki an reta nan peman ipotèk yo akòz pandemi COVID-19 la.

Si yo apwouve aplikasyon yon pwopriyetè kay la, yo pral peye lajan dirèkteman bay konpayi sèvis ipotèk pwopriyetè kay la epi y ap aplike l sou prè pwopriyetè kay la.

HAF pral pote asistans finansye bay pwopriyetè kay ki elijib ki rate omwen 3 peman ipotèk pou ede yo evite ke yo sezi kay yo.

Pwopriyetè kay ki touche jiska 150% Revni Mwayen Rejyonal (AMI) ka elijib pou asistans. Tcheke kalifikasyon ou sou Entènèt nan **[MassMortgageHelp.org](https://www.massmortgagehelp.org)**.

## Èd pou Degèpisman: Pwoteksyon Ch. 257 yo Renouvle

Si w ap aplike pou asistans lojman, yo PA KA mete w deyò si w pa peye lwaye a. Lokatè yo ta dwe toujou parèt nan dat Tribinal Lojman an epi fè jij la konnen yo gen yon aplikasyon pou Asistans Lojman ki annatant.

Pwoteksyon sa yo te renouvle jiska 31 mas 2023.

Kontakte Liy Asistans Pwokirè Jeneral la pou jwenn èd: (617)-727-8400 oswa **[bit.ly/massgov-emergency-housing-assistance](https://bit.ly/massgov-emergency-housing-assistance)**.



THE OFFICE OF ATTORNEY GENERAL MAURA HEALEY  
1 ASHBURTON PLACE, BOSTON, MA 02108  
(617) 727 - 2200 | (617) 727 4765 TTY | [MASS.GOV/AGO](https://www.mass.gov/ago)